

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kaparigelan basa dina pangajaran basa Sunda aya opat, salah sahijina nya éta kaparigelan nulis. Nulis mangrupa kaparigelan basa nu éksprésif atawa produktif. Ku sabab, siswa bisa ngébréhkeun sagala rupa idé atawa gagasan, pamikiran, pangalaman, jeung kahayang dina wangun basa tulisan.

Kiwari minat nulis di kalangan rumaja utamana siswa geus kagolong kurang. Ieu hal dibuktikeun ku ayana sababaraha artikel, salah sahijina nya éta “minat maca geus kagolong kurang, ieu minat nulis aya di handapeunana. Ieu jadi hiji hal nu ngahariwangkeun” ceuk Khak (Wedhaswary, 2011).

Nurutkeun hasil wawancara jeung Neneng salahsahiji Guru Basa Sunda di SMA Pasundan 8 Bandung nu dilaksanakeun tanggal 18 Pébruari 2019, minat siswa kana nulis kagolong handap, éta hal bisa ditingali tina hasil pancén nu dipigawé ku siswa nu nuduhkeun yén siswa kurang serius dina migawé pancénna.

Aya sababaraha faktor nu ngabalukarkeun kurangna minat siswa kana nulis nya éta suasana diajar di kelas nu monoton ngabalukarkeun kawatesanana kreativitas siswa sarta siswa hésé kénéh dina milih diksi atawa kandaga kecap. Dumasar kana hasil wawancara ka sababaraha siswa SMA Pasundan 8 Bandung nu dilaksanakeun tanggal 18 Pebruari 2019 nyebutkeun yén saumpama dibéré pancén ngeunaan nulis nu kudu dipigawé di kelas sok ngarasa teu boga idé jeung hésé nyangking inspirasi pikeun nulis ku sabab suasana di kelas nu monoton. Sedengkeun teu biasa maké basa Sunda dina kahirupan sapopoé jadi sabab kurang kénéh dina kosa kecap.

Kegiatan nulis utamana dina nulis carpon mangrupa hiji kegiatan nu ngabutuhkeun prosés kreatif. Dina migawé pancén nulis carita pondok siswa kudu miboga idé jeung gagasan nu teu saeutik. Lingkungan sabudeureun bisa jadi faktor nu ngarojong dina nulis carpon. Ku kituna, siswa merlukeun lingkungan nu ngirut pikeun meunangkeun idé jeung gagasan nu ngirut.

Salian ti suasana kelas siswa ogé miboga bangbaluh dina milih diksi atawa kandaga kecap. Basa Sunda dianggap salah sahiji basa nu hésé ku siswa komo deui dina pangajaranna. Balukarna minat siswa kana nulis utamana nu maké basa Sunda kagolong kurang. Sakumaha disebutkeun dina salah sahiji artikel yén “Ayana humandeuar ti masarakat, pangpangna ti kolot anu nyakolakeun budakna, pajar pangajaran basa Sunda di sakola téh dianggap pangajaran anu hésé nepikeun ka jadi bangbaluh.” Ceuk salah sahiji perwakilan ti Majelis Guru Mata Pelajaran (MGMP) Basa Sunda Kota Tasikmalaya (Anjelia, 2011).

Pikeun ngungkulan éta pasualan, réa cara jeung tarékah nu bisa dilaksanakeun. Salah sahijina nya éta ngagunakeun modél pangajaran nu ngirut siswa sangkan resep nalika diajar basa Sunda utamana dina nulis carita pondok. Saenyana euweuh modél pangajaran anu bisa dipaké dina sagala kaayaan. Ku kituna, salaku guru kudu bisa milih modél pangajaran nu luyu jeung matéri ogé bisa ngirut karep siswa.

Model pangajaran karya wisata mangrupa salah sahiji modél pangajaran nu bisa dipaké dina pangajaran nulis carpon. Ieu modél pangajaran dipiharep bisa jadi alternatif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok siswa. Modél pangajaran karya wisata mangrupa salah sahiji modél pangajaran nu luyu pikeun ngawangun proses kreatif siswa. Prosés ngajarna dilaksanakeun ku cara ngajak siswa ka hiji tempat atawa objék nu tangtu di luareun lingkungan sakola pikeun néangan hal nu béda nalika diajar, siswa ogé bisa ningali objék sacara langsung (Roestiyah, 2008:85).

Modél pangajaran karya wisata miboga sababaraha kaonjongan, di antarana: a) siswa bisa ilubiung dina kagiatan nu diayakeun sarta bisa ngalaman sacara langsung naon nu keur dipigawé. Ku kituna, siswa bisa mekarkeun minat jeung bakat; b) siswa bisa ningali sacara langsung kagiatan nu dilakukeun, boh ku individu atawa kelompok nu bisa ngajembaran pangalaman siswa; c) dina ieu kasempatan siswa bisa ngalaksanakeun tanya jawab, nyangking sumber informasi pikeun ngungkulan hiji pasualan. Ku kituna, siswa bisa manggih bebeneran téorina jeung uji coba téori kana prakték; d) ku

objék nu ditalungtik siswa bisa nyangking rupa-rupa pangaweruh jeung pangalaman nu *terpadu*.

Aya sababaraha panalungtikan anu nalungtik maké modél pangajaran karya wisata, nya éta “*Modél Pangajaran Field Trip Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi (Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VII SMP Bina Dharma 3 Bandung Taun Ajaran 2015/2016)*” (Khoiriyah, 2015). Hasil tina éta panalungtikan bisa ngabuktikeun yén modél pangajaran karya wisata bisa ngaronjatkeun hasil diajar sarta kamampuh siswa kelas VII SMP Bina Dharma 3 Bandung Taun Ajaran 2015/2016 dina nulis pangalaman pribadi.

Salian ti panalungtikan di luhur aya ogé panalungtikan séjén nya éta “*Métodeu Karya Wisata Dina Pangajaran Nulis Pangalaman Pribadi (Studi Ékuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII K SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajaran 2015/2016)*” (Oktaviani, 2016). Hasil tina éta panalungtikan ogé nuduhkeun ayana *peningkatan* hasil diajar jeung kamampuh nulis siswa kelas VII SMP Negeri 12 Bandung tahun ajaran 2015/2016 dina pangajaran nulis pangalaman pribadi.

Hal anu jadi sasaran jeung nu rék ditalungtik téh nya éta modél pangajaran karya wisata. Ari nu ngabédakeunana nya éta matéri ajar jeung sumber data nu rék ditalungtik. Ku kituna panalungtikan nu judulna “*Modél Pangajaran Karya Wisata pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Carita Pondok (Studi Ékuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI SMA Pasundan 8 Bandung)*”, perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Dumasar kana kasang tukang masalah nu geus ditétélakeun, ieu panalungtikan medar kumaha ngahudang karep siswa dina ngaronjatkeun kamampuh nulis dina pangajaran carita pondok ngagunakeun modél pangajaran karya wisata siswa kelas XI di SMA Pasundan 8 Bandung. Ku kituna, masalah dina ieu panalungtikan, nya éta ngawengku:

- a. Kurangna minat siswa dina nulis maké basa Sunda.

- b. Suasana diajar di kelas nu monoton ngabalukarkeun kawatesanana kreativitas siswa. Nulis ngabutuhkeun prosés kréatif, siswa kudu meunangkeun idé atawa inspirasi pikeun nulis. Kaayaan kelas nu monoton bisa jadi bangbaluh siswa hésé meunangkeun idé.
- c. Siswa masih kénéh hésé milih diksi atawa kandaga kecap ku basa Sunda nu merenah dina kahirupan sapopoé siswa jarang ngagunakeun basa Sunda ogé siswa jarang maca buku nu maké basa Sunda.

Tina idéntifikasi masalah di luhur, masalah ieu panalungtikan téh dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh nulis carita pondok siswa saméméh ngagunakeun modél pangajaran karya wisata?
- b. Kumaha kamampuh nulis carita pondok siswa sabada ngagunakeun modél pangajaran karya wisata?
- c. Naha aya béda nu signifikan antara kamampuh nulis carita pondok siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran karya wisata?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga dua tujuan, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun hasil uji coba modél pangajaran karya wisata dina ngaronjatkeun kaparigelan nulis carita pondok siswa.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. kamampuh nulis carita pondok siswa saméméh maké modél pangajaran karya wisata;
- b. kamampuh nulis carita pondok siswa sabada maké model pangajaran karya wisata;
- c. béda antara kamampuh nulis carita pondok siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran karya wisata.

1.4 Manfaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga sababaraha mangpaat nu dijembarkeun kana dua bagian, nya éta mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Manfaat Téoritis

Sacara teoritis, ieu panalungtikan dipiharep:

- a. bisa ilubiung dina mekarkeun élmu pangaweruh pangajaran utamana dina kamekaran éféktivitas modél pangajaran basa Sunda.
- b. bisa ngawuwuhan téori ngeunaan ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa dina pangajaran carita pondok, umumna pikeun kamampuh maké kaparigelan basa.

1.4.2 Manfaat Praktis

Sacara praktis mangpaat ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

- a. Pikeun lembaga, bisa jadi référénsi pikeun guru dina ngaronjatkeun kamampuh nulis dina pangajaran carita pondok sangkan siswa mampuh nyumponan kompetensi dasar dina pangajaran basa Sunda.
- b. Pikeun siswa, dipiharep bisa nambahan kaweruh ngeunaan pangajaran carita pondok, henteu bosen diajar nulis dina pangajaran carita pondok, sarta bisa numuwuhkeun karep siswa dina diajar tur ngalatih kaaktipan siswa di kelas.
- c. Pikeun nu maca, dipiharep bisa nambahan kaweruh ngeunaan mangpaat diajar maké model pangajaran karya wisata dina pangajaran carita pondok.

1.5 Raraga Tulisan

Sistematika tina ieu skripsi disusun jadi lima bab, anu baris diwincik saperti ieu di handap.

Bab I bubuka, mangrupa bab munggaran, anu eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah panalungtikan, tujuan tina panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan boh mangpaat sacara praktis atawa mangpaat téoritis, sarta raraga tulisan dina ieu skripsi.

Bab II ulikan pustaka, eusina medar perkara modél pangajaran, modél pangajaran karya wisata, wangenan nulis, wangenan carpon sarta modél pangajaran karya wisata dina pangajaran nulis carpon.

Bab III metodé panalungtikan, ieu bab ngawengku desain panalungtikan, sumber data, prosédur panalungtikan, instrumén panalungtikan, tehnik ngumpulkeun data, sarta téhnik analisis data dina ieu panalungtikan.

Bab IV hasil panalungtikan jeung pedaran tina hasil panalungtikan, eusina ngawengku pedaran ngeunaan kamampuh nulis carita pondok siswa saméméh ngagunakeun modél pangajaran karya wisata, kamampuh nulis carita pondok siswa sabada ngagunakeun modél pangajaran karya wisata, ogé béda kamampuh nulis carita pondok siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran karya wisata.

Bab V ngeunaan kacindekan, implikasi, jeung saran. Dina ieu bab, panalungtik nyindekkeun hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun, sarta méré saran jeung rékomendasi pikeun panalungtik séjénna.